Plt. 34
Peti. 121

34
. 121

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

WAWACAN PIWULANG (34)
ISTRI

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

Bat. Gen: van K. en W.
N° 7.

Wawatjan.
Piwoelang istri basa
Soenda, rana 4 poepoeh;
99 pada.

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

Soenda Bat. Gen: v K. en W.
N°. 7.

# Kawatjan
## piwoelang Istri.

### Poepoeh Asmarandana. I

1

Kaoela mimiti moedji,
njeboet djoenengan Pangeran,
noe moerah ka mahloek kabeh,
sakoer noe aja di doenja,
anoe asih di aherat,
ka abdina anoe noeroet,
noe milampah kahadean.

2.

Koedoe reungeukeun koe njai,
ieu akang rek papatah,
panatana katjaroge,
soepaja djadi sampoerna,
di doenja djeung di aherat,
soepaja loeloes rahajoe,
oelah njorang noe ditjegah.

3.

Enggeus noedoehkeun teh teuing,
moenggoeh ing di roepa djalma,
boedi anoe matak hade,
sarta djeung tata polahna,
seg reudjeung panatana,
hanteu meunang tinggal kantoen,
di-misilkeun kana emas.

4

Tata polah reudjeung boedi,
oepama panjipoeh tea,
sanadjan emasna kolot,

saperti batoe salapan,
geus poegoeh ĕmasna ngora,
arina tatjan disipoeh,
ĕmas ge siga koeningan,

5

Ari monggoehing di istri,
nja eta koe kahadean,
minangka panjĕpoehna teh,
anoe ngahadekeun roepa,
djeung ngagorengkeun roepa,
roepa teh teu djadi aloes,
arina goreng boedina.

6

Oelah ngongoraeun teuing,
atawa kokolotanan,
koedoe sigĕr tĕngah bae,
nnggang pipĕrnaheunana,
mapantĕs make tata,
njoeroepkeun tingkah djeung lakoe,
geus tangtoe djadi sampoerna.

7.

Sing bisa mapantĕs diri,
kana pipĕrnaheunana,
sadjan omong handap asor,
arina lain pĕrnahna,
hanteu djadi kapantĕsan,
geus poegoeh lamoen tjoelangoeng,
tangtoe djadi kaomongan.

8.

Anoe ngora koedoe mikir,
sarta hade tingkah polah,
koedoe diagĕm dipake,
lamoen njaho koe njahona,
hanteu njaho koedoe nanja,
atawa njeueungkeun batoer,
noe hade tata polahna.

9.

Geus poegoeh lamoen di istri.

eta anoe koedoe pisan,
panatana ka tjaroge,
karana matak doraka,
lamoenna koerang hormat,
ajà dina woelang soenoe,
woeroek soenan Soerakarta.

10.

Oelah sok pojokan teuing,
soemawonna lamoen ngoepat,
pitĕnah reudjeung sok bohong,
ka salaki sok ngalawan
liwat tina mistina,
bĕlĕugong reudjeung tjoelangoeng,
matak rea anoe ngewa.

11

Djeung kantja teu pati rapih,
djeung sasama komo bĕngkah,
saderek pada panasteen,
indoeng bapa hamo soeka,
reudjeung baraja patoeraj,
boga batoer kalalaboer,
badega teu boga pisan.

12

Lamoen anoe djadi istri,
kasartaän djeung roepana,
tata tingkah polah hade,
boedi reudjeung pasĕmonna,
lamoenna kitoe pĕtana,
moetoeh baë ngà panoedjoe,
taja titimbanganana.

13.

Noe aranom koedoe mikir,
tata polah reudjeung adat,
oelah rek katotolojoh,
abong kena eukeur ngora
koedoe hade ngà ihtiar,
poma oelah rek kalangsoe,
djĕlĕma koedoe meudjeuhna.

saoepama poetra ratoe,
lakian meunangkeun tjatjah.

19.

Hormatna mah önggeus misti,
hanteu meunang tinggal adat,
önggeus tina kadar maneh,
pasti kërësaning Allah,
hënteu beunang diorahan,
toelis ti djëro loh mahpoed,
geus pasti ing dalëm adjal.

20.

Tapi samemehna takdir,
oepama rek tjarogean,
oelah kaboeroe koe bogoh,
masing asak aja tataja
dina lakoe lampahna,
oelah daëk ka noe latjoer,
bisina ngëntjoel ahirna.

21.

Tëmahna ngaroeksak diri,
banda beak didjoealan,
dipake mahoegi ronggeng,
mangkena kari masakat,
banda teu aja noe tinggal,
dahar sore hënteu isoek,
ngoejoeng koe bawaning ngoejang.

22

Köntel peudjit gëring pikir,
rangkobang bawaning soesah,
ewoeh ngoempoel di awewe,
dek ngoenghak sieun dosaka,
manana aja toeladan,
dina tëmbang woelang soenoe,
woeroek soenan Soerakarta.

23.

Lalaki oja kitoe deui,
oepama rek goeroeaän,
oelah kaboro koe bogoh,

kabawa napsoe amarah,
hanteu milihan tadina,
napsoe noe matak kadochong,
raga noe nĕmahan inja.

24.

Koedoe milih hidji istri,
noe pantĕs djadi pawarang,
noe asoep kana pasemon,
istri noe bisa mirarang,
noe pantĕs tjalik di girang,
noe ngageugeuh boemi agoeng,
noe mungkon boeja-brana.

25.

Oelah noe bĕntji ka kintjir,
atawa haram ka kapar,
moemoel ngeujeuk djĕleh mateng,
sĕbĕl kana ngahindĕsan,
moemoel kana ngadjoedjoetan,
saoemoer boejoet ka kapoek,
tatalakan djeung pakara.

26.

Enggeus karasa koe aing,
noe matak bisa magahan,
sanadjan noe roepa goreng,
arina hade adatna,
hĕnteu bogoh oge njaäh,
soemawonna lamoen tiroes,
roepa djeung tata polahna.

27.

Nja geulis oja hade boedi,
taja titimbanganana,
dibobot hamo kabobot,
koe ĕmas sagĕde gadjah,
masih beurat ka dirja,
kabeh oge meureun kitoe,
hatena hamo salia.

28.

Reudjeung saperkara deui,

aoe matak kolot nagahan,
tangtoe na ge aja bae,
kahadean kagorengan,
dipadjarkeun koerang warah,
nawa ka bapa ka indoeng,
padahal goreng sorangan.

29.

Nitoe dina lajang siwi,
woeroek soenan Soerakarta,
ka poetra poetoena kabeh,
toer eta ratoe rat djawa,
ngawoeroek tata krama,
Tjing tjiri ning öngguus koedoe,
istri make tatakrama.

30.

Ajeuna ieu digoerit,
ditembangkeun basa Soenda,
soepaja kahartos kabeh,
koe istri-istri sadaja,
anoe pambrih kahadean,
ajeuna ieu diseboet,
soepaja pada oeninga.

31.

Sapĕrkara anoe misti,
noeggoeh di istri tatana,
nonak koering sarwa bae,
koedoe gĕten toelatenna,
oelah pisan rek kadjeunan,
poegoeh moen aja pamoendoet,
moen aja geuwat tjaosan.

32.

Moen teu aja koedoe aris,
aja ngawangsoel hĕnteu aja,
oelah hari hosak-haok,
djĕbrar djebris matak tjosa,
djaung ka doea pĕrkara,
oepama lamoen disaoer,
moen aja geuwat temonan.

33.

Oelah sok disĕlang tjitjing,
kadjeun noenda pagawean,
oepama eukeur digarre,
geus poegoeh lamoen hĕnteu mah,
samingkin koedoe gĕuwat,
oelah diselang ngadjĕntoel,
pamali kabina-bina.

34.

Oepama eta salaki,
ka oerang aja parentah,
patjoean oelah talangke,
koedoe gantjang dilakonan,
sanadjan ka noe hina,
poma-poma oelah ĕmboeng,
teu hade anoe bantahan.

35

Kaopat perkara deui,
noe ditjandak sasaoeran,
poma masing hade-hade,
boedi oelah matak tjoea
masing hade nja pamolah,
ari ngomong kari imoet,
kas eta dina tjarita.

36.

Tjarrana Bagenda Ali,
djeung Dewi Patimah,
garrana reudjeung tjaroge,
lajeutna kabina-bina,
geus teu aja koetjirranas,
para-istri koedoe niroe,
da eta panoetanana.

37.

Kalima pĕrkara deui,
lamoen aja kasalahan,
koedoe gĕuwat tobat baë,
njoehoenkeun pangampoerana
oelah dilila-lila,

bisi matak djadi woewoeh,
tambah-tambah aja doraka.

38

Tatapi koeboehan istri,
geus poegoeh anoe ajeuna,
nadjan noe baheula oge,
dëng-dëng aja kasalahan,
ngan koedoe geuwat tobat,
oebar dosa ngan sakitoe,
taja sadjaba ti diaja.

39.

Ka gënëp përkara deui,
oelah leumpang teu pamitan,
sanadjan rek poelang poë,
geus poegoeh lamoen meunting mah,
samingkin koedoe pisan,
eta tangtoe koedoe kitoe,
moenggoehing adab tatana.

40.

Ka toedjoeh përkara deui,
patjoean oelah rek leumpang,
lamoen keur euweuh tjaroge,
dilarang koe hoekoem sara,
ka dalapan perkarana,
lampah anoe matak aloes,
djaba ditambah kajaäh.

41

Lamoen keur poendoeng salaki,
henteu meunang dilawanan,
awewe koedoe ajolondo,
kitoe adat përnatana,
mokaha noen dibaeudan
oelah dilawanan poendoeng,
koedoe tarima wajahna.

42.

Djeung ka-salapan përkawis,
patjoean oelah rek ngoepatt
di kagorengan tjaroge,

eta poma sangĕt pisan,
oelah arek dipilampah,
tjara garwa nabi Loet
dina tjarita anbia.

42.

Disiksa kaliwat leuwih,
pĕtjat iman mandjing koepar,
sabab ngoepat ka tjaroge,
diomongkeun ka tatangga
tah eta kitoe petana,
awewe sok ngoembar napsoe,
hanteu koedoe di aherat.

43.

Di doenja oge kapanggih
geus rea pisan tjontona,
poma-poma noe aranom,
sing eling noe sakitoena,
oelah sok rasa mokaha,
sababna ari kadoehoeng,
datangna tara ti heula.

44.

Lapoeloeh pĕrkara deui,
oelah miheulaän dahar,
koedoe babarĕngan baë,
atawa rorodananana,
anging moen dipiwarang,
eta matak djadi loeloes,
djeung tambah dipikanjaäh.

45

Lawĕlas pĕrkara deui,
lampah istri noe oetama,
moen tjaroge ngadjak sare,
eta koedoe gewat gantjang,
oelah sing sawa disĕlang,
najan sare lain oesoem,
geus poegoeh lamoen mangsana.

46

Kadoea wĕlas pĕrkawis,

lamoen keur di pasarean,
oelah rea teuing omong,
kisi kalangsoe aja oetjap,
tĕmahna matak pasea,
nʼomong noe hantoe patoet,
noe matak noengtoen amarah.

47.

Ka tiloe wĕlas pĕrkawis,
moen tjaroge soemping angkat,
geuwat papagkeun ka panto,
tampanan langgoekananana,
seug ngoeroes kadaharan,
asmarandana geus toetoep,
Kinanti ngagentos tĕmbang.

## Kinanti 2.

48

Ka opatwĕlas ditjatoer,
tataning istri sadjati,
lamoen oerang keur pasea,
atawa keur djowĕt ati,
djĕboel somah anoe ngandjang,
leungitkeun oelah katjiri.

49

Oelah katara djamĕdoed,
boedi oetjap koedoe manis,
bari ngoeroes keur ngoegoehan,
lamoen keur teu boga doeit,
dibelaän andjoek hoetang,
oelah nombongkeun ka-isin.

50.

Ari ngoegoehan tatamoe,
pirang-pirang hadis Nabi,
jen gĕde gandjaranana,
oelah ^sok^ ngingĕtkeun roegi,
soegoehan saäja-aja,
geus tangtoe ~~malĕs~~ ^ditambah^ radjĕki.

51

51

Koe pangeran anoe agoeng,
noe sipat rahman djeung rahim,
anoe heman ka abdina,
hanteu pĕgat beurang peuting,
oerang teh koedoe tarima,
paparin Rabboel-alamin.

52

Ka limawelas ditjatoer,
tataning istri sadjati,
koedoe gĕde ȣja wirirang,
oelah sok djalingkak taning,
disĕboet di djĕro kitab,
pangandika kangdjĕng Nabi.

53.

Basa arabna disĕboet,
didjieun tĕmbang kinanti,
„almarätoe billa haja,
„kaṭoämi billa milhin",
„arrere noe taja kaëra,
„tjara kadaharan tiis;

54

Teu make oejah sahoentoe,
taja rasa taja sari:"
Tah kitoe eta soendana,
hadis noe disĕboet tadi,
mana oelah dipilampah,
moen hajang salamĕt diri.

55.

Ka gĕnĕpwĕlas ditjatoer,
sing bisa miara diri,
tĕgĕsna koedoe berseka,
oenggal poë koedoe mandi,
dina koelit lilipitan,
kosokan mangka bĕrĕsih.

56

Tai boedjal tai koekoe,
dago kelek sing bĕrĕsih,

ngalsungitkeun babasan,
kaoe hapeuk kaoe tingi,
toeloej mako senseungitan,
sampoerna istri sadjati.

57.

Wêrêkas ka anak poetoe,
poma koedoe ati-ati,
moen hajang awet lakian,
tjeung kapake koe salaki,
toeroetkeun oelah kaliwat,
sapiwoeroek ieu toelis.

58.

Ieu piwoeroek saëstoe,
njalamêtkeun kana diri,
di doenja tjeung di acherat,
meunang rahmat ti Jang Widi,
insja Allahoe-taäla,
oelah hamham dina ati.

59.

Rea tjonto anoe mashoer,
lampah istri noe raspati,
tjarita anoe baheula,
noe ngabakti ka salaki,
di doenja tjeung di acherat,
dradjat tina hade boedi.

60

Tjaritana Soeltan Mahmoed,
di kitab tadjoe-salaki,
~~di doenja tjeung di acherat~~ Soeltan Mahmoed teh kagoengan
hidji istri beunang njêlir,
ngaranna nji Dewi Sar,
istoening toeroenan koering.

61.

Tetapi koe hade sêmoe,
tata polah tingkah boedi,
mangsa eukeur ngadeuheusan,
toengkoel mando sêmoe isin,
tjengkat ditarimbang sêmbah

imaetna pangiroet ati -

62.

Tambah loetjoe Soeltan Mahmoed,
njaähna tambah sakĕti
soekana tambah salaksa,
hanteu pisah beurang peuting,
ngabajahkeun ka pawarang,
toer eta toeroenan koering -

63

Roepana ge hanteu alaer,
sageulisna bangsa koering,
kitoe omongan noe rea,
tjarek pikir anoe dĕngki,
hanteu njaho hakekatna,
anoe matak djadi sirik -

64.

Mana kaänggo koe ratoe,
asal tina hade boedi,
njaho di karĕsĕp menak,
soerti kasĕngit boepati,
nĕpi ka djadi pawarang,
disĕmbah koe oelaen koering.

65.

Nji Jar tjalik di poengkoer,
toengkoel mando sĕmoe isin,
parĕng aja anoe seba,
bakti bonteng timoen paik,
ladjĕng koe Soeltan didahar,
sapasi karaos paik -

66.

Tapi Soeltan mitjeun sĕmoe,
hanteu siga anoe paik,
karsa ngadodja ~~Nji Jar~~ ka djalma,
hojong awas hidji - hidji,
koemaha panarimana,
nampi gandjaran noe paik -

67.

Ladjĕng kangdjĕng Soeltan Mahmoed,

ngeleler bonteng sapasi,
mimiti ka Dewi Iar,
Nji Iar nampi paparin,
nampanan barina njëmbah,
santën lëlëb oelah manis.

68.

Didahar barina imoet,
sëmoe amis-amis teuing,
hatoeran barina njëmbah,
„Nëmbe manggih bonteng amis,
noehoen pasihan gamparan,
anoe maparin ka abdi."

69.

Ladjëng kangdjëng Soeltan Mahmoed,
bonteng teh dipasi-pasi,
dibagi sapasi sewang,
panghoeloe, djaksa, papatih,
noe sapasi ka pawarang,
reudjeung ka pĕrĕkan sëlir.

70

Kabeh dahar bonteng timoen,
barina ngabirigidig,
sawareh djëbi rek oetah,
„bonteng pait-pait teuing,
si Iar bohong katjida,
pait dioendjoekkeun amis."

71

Mesëm kangdjëng Soeltan Mahmoed,
„heran tjek si Iar amis,
tjek noe rea pait pisan,
rasa kami oge pait,
koemaha rasana Iar,
mana beda-beda teuing."

72

Papatih panghoeloe matoer,
hatoeran ka kangdjëng goesti,
lërës saoer nji pawarang,
„sajaktosna raos pait,

doeka gamparan poen Iar,
noe mawi oendjoekan amis".

73

Ladjĕng kangdjĕng Soeltan njaoer,
„rasa kami oge paitk,
naha ari maneh Iar,
eta mana njĕboet amis,
tjik ngawangsoel saĕnjana,
tĕroes tĕrang reudjeung boekti."

74.

Nji Iar toeloej ngawangsoel,
„Soemoehoen bĕbendoe goesti,
pioendjoek abdi noe rea,
sarĕng pioendjoekna raji,
sabaja hanteu soelaja,
tĕroes tĕrang sarĕng boekti.

75

„Nanging abdi sakalangkoong,
"hanteu wĕrat njĕbat paitk,
kawas noe nampik pasihan,
hanteu soeka ka paparin,
halna nĕmb-ean ajeuna,
dipaparin anoe paitk.

76.

„Salamina ti ka poengkoer,
sok dipaparin noe amis,
ka abdi taja hinggana,
noen diĕtang laksa kĕti,
amoeng nĕmbean ajeuna,
dipaparin anoe paitk.

77.

„Djadi halodo satahoen,
lantis koe hoedjan sakali,
paparin anoe baheula,
lipoer koe sakali paitk
kapingkalih kirang hormat
pajoeneun gamparan djĕbi".

78

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

78.

Papatih, djaksa, panghoeloe,
pawarang, përëkan, sëlir,
djëmpe taja anoe nembal,
kahandapan titi soerti,
teu lami deui harita
sadajana pada amit.

79

Boebar noe ngadeuheus noendoer,
sakabeh ponggawa mantri,
taja noe dipitjarita,
kolot boedak menak koering,
ngan Iar djadi omongan,
djadi kasinoman birri.

## Sinom 3.

80.

Djadi toengtoeng kasaoeran,
rioeng-rioeng para istri,
„ naha mana kangdjëng Soeltan,
nja asih katjëda teuing,
kawas kirang anoe geulis,
noe asal toeroenan ratoe,
noe lajak djadi pawarang,
disëmbah dipoesti-poesti,
nista tëmën oerang ngaoela ka Iar."

81

Hidji mangsa Kangdjëng Soeltan,
linggih dina korsi gading,
dideuheusan koe pawarang,
di pajoen ponggawa mantri,
hoeloe balang djeung përdjoerit,
kangdjëng Soeltan ladjëng njaoer,
ka djoeroe koentji goedang,
njokot perak ëmas pitjis,
intën mirah sosotja noe endah-endah.

82.

„ Kami ajeuna rek leumpang,

bari rek ngagandjar abdi,
oelah aja noe kaliwat,
saha noe miloe ka kami",
loempat ki djoeroe koentji,
njokot pirang-pirang karoeng,
ĕmas perak pĕrmata,
harga pirang-pirang kĕti,
Soeltan angkat dĭiring koe para garwa.

83.

Toeloej djoeroe koentji goedang,
ngaboerkeun karoengan doeit,
ĕmas intĕn djeung pĕrmata,
hargana bakĕti-kĕti,
djalma-djalma menak koering,
parĕboet pagoeloeng-goeloeng,
geus taja tata-krama,
awewe tjampoer lalaki,
djadi poho ningali ĕmas djeung perak.

84.

Keur rame pisan rĕboetan,
istri tjampoer djeung lalaki,
ladjĕng Soeltan nitih koeda,
ditjamboek mĕlĕsat njirig,
loempat gantjang teh teuing,
Nji Itar sorangan noeroe,
geus teu tolih ĕmas perak,
moetoeh soeka lirat saking,
noe rea mah katoengkoel parĕboet arta.

85.

Teu tolih ka Kangdjeng Soeltan,
ngan Nji Itar pĕribadi,
Kangdjeng Soeltan ladjĕng ningal,
Itar noetoerkeun pandeuri,
taja deui anoe ngiring,
ngan Itar sorangan noeroe,
Soeltan ngalĕm djro manahna,
Si Itar moestika ati,
"taja deui anoe estoe koemaoela!"

86

Enggeus kitoe pada boebar,
Soeltan geus moelih ka boemi,
anoe parëboet gandjaran,
sakabeh ënggeus baralik,
djeung batoerna ngarëtjëwis,
ngomongkeun sarehna oentoeng,
meunang ëmas djeung perak,
harga pirang-pirang këti,
reboe laksa, dadak sakala baleunghar.

87

Tambah djadi kaomongan,
kolot boedak menak koering,
„si Tar bodo katjida,
deungeun-deungeun djadi soegih,
manehna mah djadi roegi,
henteu meunang laksa reboe,
tanda djalma koerang akal,
hënteu soeka ka paparin!",
warna-warna kaomongan anoe ngewa.

88.

Nji Tar ënggeus oeninga,
dipojok disëboet roegi,
tatapi eta nji Tar,
tjitjing hënteu djadi pikir,
poë isoekna deui,
eta kangdjeng Soeltan Mahmoed,
hempak anoe ngabeunheusan,
pawarang përëkan sëlir,
di pajoeneun panghoeloe papatih djaksa.

89.

Kangdjëng Soeltan seug mariksa,
ka sakabeh mantri-mantri,
saha anoe pang oentoengna,
reudjeung saha anoe roegi,
tampa gandjaran ti kami,
anoe dipariksa matoer,
„sami oentoeng sadaja,
ngan poen Tar anoe roegi,

anoe hënteu nampi gandjaran gamparan.

90

„Doeka gamparan koemaha,
djalma hanteu hajang soegih,
sok swoeh mikiran inja,
kawas anoe kirang boedi",
kangdjeng Soeltan ngali,
ka Iar barina njaoer,
„Iar, maneh koemaha,
hanteu soeka ka paparin?,
ditjoemahkeun paparin kami përmata.

91

„Naha mana hanteu soeka,
kana gandjaran ti kami,
kawas anoe geus leuwihan,
maneh nampik ka paparin,
maneh Iar koerang boedi",
kangdjeng Soeltan sëmoe bëndoe;
nji Iar tjëngkat njëmbah,
„Soemoehoen bëbëndoe goesti,
sajaktosna abdi anoe pangoentoengna.

92.

„Deungeun-deungeun meunang ëmas,
ari lëbah djisim abdi,
meunang noe kagoengan ëmas,
soemangga mana noe roegi?
ari rasa djisim abdi,
abdi anoe langkoeng oentoeng,
margi batoer meunang ëmas,
ari diri djisim abdi,
langkoeng oentoeng, meunang noe kagoengan ëmas.

93

„Hanteu pisan sëdja pindah,
ti lahir doegi ka batin,
sim abdi sarëng gamparan,
sahingga nëpi ka pati,
anoe mawi djisim abdi,
teu miloe pagoeloeng-goeloeng,

parĕboet doenja barana,
hanteu tega pikir abdi,
reh gamparan harita nĕgarkeun koeda
94.
„Lĕs doenja hanteu katjipta,
ngan gamparan noe kahoksi,
teu kabita ĕmas perak,
kalindih asih ka goesti,
pamoegi tĕtĕp sim abdi,
nja aja di pangkon ratoe",
Soeltan soeka manahna,
ngadangoe pioendjoek manis,
ladjĕng bae Tar diangkat pawarang.
95
Pawarang poerah mirarang,
papatih di djĕro boemi,
papatah poerah marentah,
ka sakabeh oeloen koering,
tah kitoe noe hade boedi,
kawaoewoehan hade sĕmoe,
geus poegoeh noe asal menak,
tjatjakan noe asal koering
poma djadi toeladan istri sadaja.
96.
Soemawon noe asal menak,
koedoe pisan hade boedi,
lamoenna tinggal ti dinja,
noe geulis teu djadi geulis,
sarta teu djadi rĕsmi,
rea tjonto anoe mashoer,
nadjan djaman ajeuna,
rea menak djadi koering,
rendjeung rea asal koering djadi menak.

## Dangdanggoela. 4.

97.
Dangdanggoela noe djadi mamanis,
noedipambrih koerioe ngarang tĕmbang,

soepaja soeka noe ngaos,
tamba kēsēl djeung toendoeh,
dilagoekeun tambah birahi,
malah mandar kapaham,
saoeni-ning toetoer,
djadi toeladan oetama,
anak intjoe noeroetan ka noe bērboedi,
ngarēgēpkeun ka papatah.

98.

Pirang-pirang tjonto anoe lahir,
noe baheula noe geus meunang bagdja,
lantaran noeroet ka kolot,
sabalikna ti kitoe,
noe geus meunang tjilaka diri,
teu noeroet ka papatah
lakoena kapahoeng,
noe matak kaoela ngarang,
ieu tēmbang sarehna kaoela miskin,
hanteu gaduh poesaka.

99.

Roepa arta ēmas perak doeit,
djadi ieu minangka poesaka,
ninggalan anak intjoe teh,
moegi Allah anoe agoeng,
anoe sipat rahman djeung rahim,
maparin sapaāt,
ka ieu pitoetoer,
ditoeroetan koe sadaja,
anak intjoe noe awewe noe lalaki,
ngarēgepkeun ka papatah.

---

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

Pl
Pe